

REZIME EGZEKITIF

KISA REJYON MPO BOSTON AN YE?

Desizyon sou fason pou repati fon sèvis transpò nan yon zòn metwopolitèn gide pa enfòmasyon ak lide ki sòti nan mitan yon pakèt moun, tankou fonksyonè ki eli yo, planifikatè ak enjenyè minisipal yo, moun k ap defann sèvis transpò yo, ak rezidan ki enterese yo. Òganizasyon planifikasyon metwopoliten (Metropolitan planning organizations, MPO) se antite ki responsab pou founi yon fowòm pou pwosesis pou pran desizyon sa a. Chak zòn metwopolitèn nan Etazini ki gen yon popilasyon 50,000 oswa plis— ke yo rele zòn iben tou—lwa federal la oblije yo pou tabli yon MPO, ki deside ki fason pou yo depanse lajan transpò federal la pou pwojè enfrakstrikti ak planifikasyon etid pou zòn lan.

Jiridiksyon ak Afilyasyon Rejyon MPO Boston an

Zòn planifikasyon MPO Rejyon Boston an rive nan 97 vil ak vilaj ki sòti nan nò Boston pou rive nan Ipswich, nan sid pou rive nan Marshfield, ak nan lwès pou rive nan Interstate 495 lan.

Dyagram ES-1 montre kat jeyografik manm minisipalite MPO rejyon Boston an.


Dyagram ES-1 Minisipalite nan Rejyon Boston an



Komite MPO an gen 22 manm ki kapab vote ladan li. Plizyè ajans eta, òganizasyon rejyonal, ak Vil Boston se manm pèmanan ki kapab vote, pandan ke 12 minisipalite eli antanke manm ki kapab vòte pou yon tèm twa lane. Uit (8) manm minisipal reprezante chak soureyon nan rejyon Boston an, epi genyen kat plas minisipal lib. Administrasyon Federal Otowout (Federal Highway Administration, FHWA) la ak Administrasyon Sèvis Transpò Federal (Federal Transit Administration, FTA) patisipe nan komite MPO an antanke manm konsèy (ki p ap vote). Ou kapab jwenn plis detay konsènan manm pèmanan MPO yo nan [Apendis F](#).

Dyagram ES-2 montre afilyasyon MPO an ak òganizasyon Pèsonèl Planifikasyon Sèvis Transpò Santral (Central Transportation Planning Staff, CTPS) la, ki sèvi antanke pèsonèl pou MPO an.

Dyagram ES-2
Tablo Òganizasyon MPO Rejyon Boston an



MARCH 2019

Pwosesis Planifikasyon pou Sèvis Transpò

Gouvènman federal la kontwòle finansman, planifikasyon, ak operasyon sistèm sèvis transpò a atravè pwogram transpò federal la, ke yo te adopte antanke lwa atravè Tit 23 ak 49 Kòd Etazini an. Seksyon 134 nan Tit 23 Lwa Èd-Federal Otowout (Federal-Aid Highway Act) ak Seksyon 5303 Lwa Sèvis Transpò Federal, jan yo te amande li an, egzijè pou zòn iben yo reyalize yon pwosesis planifikasyon transpò, ki gen pou rezilta plan ak pwogram konsistan avèk objektif planifikasyon zòn metwopolitèn an, pou yo kapab kalifikasyon pou fon federal yo.

Re-otorizasyon ki pi resan nan lwa transpò sifas la se Lwa Ranje Sifas Transpòasyon Amerik la (Fixing America's Surface Transportation, FAST). Lwa

FAST la mete anplas politik ki gen rapò ak planifikasyon sèvis transpò metwopolitèn lan. Lwa a egzije pou tout MPO yo reyalize yon pwosesis planifikasyon sèvis transpò (3C), konplè, epi kolaboratif k ap kontinye (continuing, comprehensive, and cooperative). Antanke yon pati nan pwosesis planifikasyon 3C li a, MPO Rejyon Boston an pwodui chak ane Pwogram Amelyorasyon Sèvis Transpò (Transportation Improvement Program, TIP) ak Pwogram Planifikasyon Travay Inifye (Unified Planning Work Program, UPWP). Dokiman sa yo, avèk Plan Sèvis Transpò Alontèm (Long-Range Transportation, LRTP) kwadriyenal lan, yo refere yo antanke dokiman sètifikasyon epi yo egzije pou MPO an sètifye epi reponn ak kondisyon federal yo; sètifikasyon sa a se yon bagay esansyèl pou resewa lajan sèvis transpò federal la. Anplis egzijans pou pwodui dokiman sètifikasyon yo, MPO a dwe tabli epi reyalize yon pwosesis patisipasyon piblik enklizif, menm jan tou li dwe mentni modèl transpò ak resous done pou apiye detèminasyon pou rantrè an konfòmite sou kalite lè a, analiz ekite transpòtasyon, epi planifikasyon travay ak inisyativ alontèm ak koutèm yo.

Pwosesis Planifikasyon 3C a

Pwosesis Planifikasyon 3C a se yon apwòch pou mennen planifikasyon sèvis transpò siyifikatif. Gouvènman federal la egzije pou MPO sa a reyalize yon pwosesis k ap kontinye, konplè, epi kolaboratif:

- **K ap Kontinye (Continuing):** Planifikasyon sèvis transpò a ta dwe planifye yon seri orizon akoutèm ak alontèm, mete aksan sou evolasyon pwogrè ki sòti nan planifikasyon sistèm pou rive a planifikasyon pwojè, pwogramasyon, ak egzekisyon. Li ta dwe rekonèt nesite pou kontinyèlman re-evalye done ak plan yo.
- **Konplè (Comprehensive):** Planifikasyon Transpòtasyon ta dwe entegre tout etap ak nivo pwosesis la epi egzamine tout mòd yo pou asire yon apwòch planifikasyon ak pwogramasyon ki ekilibre. Pwosesis planifikasyon an ta dwe gen ladan li analiz eleman ki pa gen rapò ak sèvis transpò tankou itilizasyon tè, ekonomi, resous anviwònmantal yo, ak popilasyon.
- **Kolaboratif (Cooperative):** Planifikasyon sèvis transpò ta dwe yon pwosesis yo fè pou ankouraje patisipasyon tout itilizatè yo nan sistèm lan enkli biznis yo, gwoup kominotè yo, òganizasyon anviwònmantal yo, vwayajè piblik yo, transpòtè machandiz yo, ak piblik la.

KISA UPWP A YE?

UPWP a, MPO Rejyon Boston an pwodui, eksplike kijan fon planifikasyon sèvis transpò federal rejyon Boston an pral depanse nan yon ane fiskal federal (federal fiscal year, FFY) ankou. Espesyalman, UPWP a se yon plan finansye ki pwodui an konfòmite avèk pwosesis planifikasyon federal sèvis transpò metwopolitèn obligatwa ki dekri anwo a.

Devlopman UPWP a enplike priyorite nan tout etid potansyèl planifikasyon transpò yo ak analiz teknik ki ta kapab atreprann nan avantaj rejyon an nan yon ane ankou. Yo dokimante sijè ak bidjè etid priyorite yo nan UPWP a. Objektif la se pou asire rezilta etid yo pou ede reyalize objektif sèvis transpò MPO a, atravè pwosesis piblik li yo, te fikse pou rejyon an.

UPWP a sèvi antanke yon sous pou enfòmasyon sa a:

- Enfòmasyon pou fonksyonè gouvènman yo, fonksyonè minisipal yo, ak piblik la sou pwojè planifikasyon sèvis transpò tè ak pwogram yo ki dwe reyalize nan rejyon Boston an
- Enfòmasyon sou bidjè pou fonksyonè federal ak eta yo sou kijan MPO Rejyon Boston an planifye pou li depanse fon federal planifikasyon metwopolitèn sou etid ak pwogram ki fèt nan non MPO a.

Ki rapò ki genyen ant UPWP a ak objektif MPO Rejyon Boston an?

MPO Rejyon Boston an planifye lavni transpòtasyon rejyon Boston an. MPO an gide pa yon vizyon 20-an pou yon sistèm transpò modèn, an sekirite, ekite, dirab ak avanse sou plan teknoloji pou rejyon an. Vizyon sa a dekri nan LRTP aktyèl MPO a, *Trase Pwogrè Jiska 2040 (Charting Progress to 2040)*, epi yo pral elaji pi plis nan LRTP a k ap devlope aktyèlman, *Destination 2040*. Travay planifikasyon transpò ki te finanse atravè UPWP a se yon pati entegral pou reyalize vizyon rejyonal sa a.


Objektif transpòtasyon rejyon Boston an, jan MPO a te dakò sa a pandan devlopman *Destination 2040*, nan jan sa a:

- Sekirite: Transpòtasyon atravè tout mòd yo pral gen sekirite.
- Sistèm Prevansyon: Mentni epi modènize sistèm transpòtasyon an epi planifye pou dirabilite li.
- Lè Pwòp/Kominote Pwòp: Kreye yon sistèm transpò ki ekolojik.

- Jesyon Kapasite/Mobilite Itilize kapasite etablisman ki egziste deja yo pi efikasman epi ogmante opsyon transpòtasyon yo.
- Egalite Transpòtasyon: Asire tout moun resevwa benefis ki konparab nan men, epi yo pa chaje nan yon fason ki pa pwopòsyonèl, pa investisman MPO, kèlkeswa ras, koulè, orijin nasyonal, laj, revni, abilite, oswa sèks.
- Vitalite Ekonomik: Asire rezo transpò nou an bay yon fondman solid pou vitalite ekonomik.

Anplis LRTP a ak UPWP a, MPO an pwodui TIP a pou rejyon Boston an tou. Antanke plan investisman kapital a koutèm MPO a, TIP la dekri epi bay priorite a pwojè konstriksyon transpò ke yo atann aske yo enplimante pandan peryòd senk (5) ane k ap vini yo la. Dyagram ES-3 ilistre relasyon ant vizyon ak objektif yo; fondman planifikasyon pou travay MPO an, UPWP a; TIP la; ak pwosesis siveyans ak evalyasyon pwogrè pou reyalize objektif rejyon yo.

Dyagram ES-3
Lyen Ant LRTP, TIP, ak UPWP



Kisa fon federal planifikasyon metwopolitèn an ye?

Finansman federal ki apiye anpil nan travay yo dekri nan UPWP sa a sòti nan de (2) sous prensipal: FHWA ak FTA. Sous finansman federal yo, ki konplete pa yon korespondans lokal ke Depatman Transpò Massachusetts (Massachusetts Department of Transportation, MassDOT) la bay, enkli sous sa yo:

- Planifikasyon FHWA 3C (PL): Yo distribye fon planifikasyon FHWA bay Biwo Planifikasyon Transpò MassDOT (Office of Transportation Planning, OTP) la, dapre yon fòmil afektasyon lwa federal la tabli, pou reyalize pwosesis planifikasyon 3C a. OTP a repati fon sa yo bay MPO Massachusetts selon yon fòmil ki baze prensipalman sou kantite kilomèt wout ak popilasyon rejyon an. Ajans Planifikasyon Asosyasyon Rejyonal Massachusetts (Massachusetts Association of Regional Planning Agencies, MARPA) yo te devlope fòmil la epi yo konnen li antanke fòmil MARPA a. Afektasyon finansman 3C PL Ane Fiskal Federal (FFY) 2020 pou rejyon Boston an se \$ 3.813.949, ki gen ladan li fon konplemantè eta. Nan afektasyon sa a, \$ 3.813.949 pwograme nan UPWP sa a.
- Lwa Planifikasyon 3C FTA (§5303): FTA repati fon planifikasyon 3C a pou pwojè sèvis transpò piblik MPO yo anba Seksyon 5303 Lwa Sèvis Transpò Federal la. Fon sa yo nesite yon korespondans lokal, yo distribiye dapre yon fòmil afektasyon, epi MassDOT jere yo. Afektasyon Ane Fiskal Federal (FFY) 2020 pou rejyon Boston an, ki gen ladan li yon korespondans lokal, ki se \$ 2,321,502. Kantite total ki pwograme nan UPWP sa a pou etid yo, CTPS te dwe reyalize, MassDOT, ak Konsèy Planifikasyon Zòn Metwopoliten (Metropolitan Area Planning Council, MAPC) nan non MPO a se \$ 1,703,982 jan yo ekri sa anba la:
 - Lwa Planifikasyon 3C FTA MPO (§5303) an: Kantite total lajan fon FTA, ki gen ladan li yon korespondans lokal, ki te pwograme nan UPWP sa a pou travay anlwaye MPO a te reyalize a se \$ 1.355.757
 - Lwa Planifikasyon 3C FTA MassDOT (§5303) la: Kantite total lajan fon FTA, ki gen ladan li yon korespondans lokal, ke to te bay MassDOT la pou Ane Fiskal Federal (FFY) 2020 an se \$ 283.688 MassDOT itilize fon sa yo pou emèt yon kontra bay MPO an pou asistans planifikasyon sèvis transpò piblik la atravè Ane Fiskal Federal FFY (yo rele kontra Asistans Planifikasyon Sèvis Transpò Piblik MassDOT).

- Lwa Planifikasyon 3C FTA MAPC (§5303) a: Yon pati nan afektasyon FTA rejyon Boston an ale nan MAPC a tou. MAPC itilize fon sa yo pou dirije etid planifikasyon sèvis transpò piblik li yo ki pwograme nan UPWP. Kantite total lajan fon FTA yo, ki gen ladan li yon korespondans lokal, ki te afekte pou MAPC pou Ane Fiskal Federal (FFY) 2020 an se \$ 348.225.

Èske gen lòt sous finansman nan UPWP a?

Wi, anplis travay MPO an finanse, CTPS fè analiz planifikasyon ak etid ajans transpòtasyon eta a finanse, ki gen ladan li MassDOT, Otorite Sèvis Transpò Bè Massachusetts (Massachusetts Bay Transportation Authority, MBTA), ak Otorite Pò Massachusetts (Massachusetts Port Authority, Massport). W ap jwenn plis detay konsènan etid ajans sa yo te finanse nan Chapit 5 la. Pou Ane Fiskal Federal (FFY) 2020 an, kantite lajan finansman Ajans la ki te pwograme nan UPWP sa a pou pwojè yo anplwaye MPO an dwe dirije nan fason sa a:

- **Rechèch ak Planifikasyon FHWA Atravè Tout Eta (Statewide Planning and Research, SPR): \$ 301,500 (ki gen ladan li fon konplèman eta a)**
Nan ka fon 3C PL la, FHWA bay fon SPR nan OTP selon yon fòmil repatisyon. OTP a itilize fon sa yo pou reyalize pwojè planifikasyon ak rechèch nan tout eta a. UPWP sa a defini sèlman etid SPR te finanse ki pral reyalize nan rejyon Boston an; sepandan, OTP bay yon lis konplè sou kijan lajan sa yo te distribye nan tout eta a nan yon dokiman ki rele Pwogram Planifikasyon Travay Transpòtasyon SPR (SPR Transportation-Planning Work Program).
- **Seksyon MassDOT 5303: \$95.832**
- **Lòt MassDOT : \$79.000**
- **MBTA: \$615.425**
- **Lòt Sous: \$55.000**

KISA ETID AK AKTIVITE KI NAN ANE FISKAL FEDERAL (FFY) 2020 UPWP A?

Nan tout chapit sa yo, gen enfòmasyon detaye sou pwogram travay yo, etid yo, aktivite sipò yo, ak analiz teknik ki te òganize nan kategori sa yo:

- **Egzijans pou sètifika ak aktivite administratif yo:** UPWP a gen ladan li aktivite MPO a dwe reyalize pou rete sètifye antanke yon MPO pa gouvènman federal la, pou elijib pou resevwa epi pou distribye dola transpòtasyon federal yo, epi mentni resous done li yo ak ekipman

enfòmatis li yo byen. Verifye [Chapit 3 ak 6](#) yo pou plis enfòmasyon sou domèn travay sa yo.

- **Pwogram travay ki ankou/k ap kontinye yo:** Domèn travay sa yo sipòte analiz teknik ak planifikasyon etid pou vil ak komin yo nan rejyon an. Verifye [Chapit 4](#) la pou plis enfòmasyon sou etid ak analiz teknik sa yo.
- **Nouvo etid yo:** Chak ane, yon sèten montan finansman disponib pou nouvo etid ke anplwaye MPO an dwe reyalize. Efò sa yo gen pou objektif pou amelyore konesans anplwaye yo sou pratik la, pou amelyore metòd analiz yo, epi pou evalye estrateji pou reyalizasyon. Verifye [Chapit 4](#) pou plis detay sou nouvo etid sa yo.
- **Etid ak analiz teknik ke ajans la finanse:** CTPS fè analiz planifikasyon ak etid ke ajans transpòtasyon eta yo finanse, ki gen ladan li MassDOT, MBTA, ak Massport. Gen plis detay konsènan etid ajans sa yo finanse nan [Chapit 5](#) la.

[Tablo ES-1](#) gen bidjè ke yo bay pou planifikasyon aktivite 3C MPO an nan Ane Fiskal Federal (FFY) 2020. Tablo a kalkile fon FHWA metwopolitèn PL yo ak fon Seksyon 5303 FTA, CTPS ak MAPC yo espere depanse nan Ane Fiskal Federal (FFY) 2020 an. Tablo a reflekte tou travay CTPS ki pral reyalize avèk fon ke lòt ajans transpòtasyon yo bay.

[Chapit 3 jiska 6](#) la bay enfòmasyon detaye sou aktivite planifikasyon sèvis transpò CTPS la pral reyalize pandan Ane Fiskal Federal (FFY) 2020 an. Nouvo etid yo chwazi pou finansman nan Ane Fiskal Federa (FFY) 2020 an rezime pi ba a nan [Tablo ES-2](#) epi dekri an detay nan [Chapit 4](#) la.

Tablo ES-1
Bidjè Pwogram Travay Planifikasyon Inifye pou Ane Fiskal Federal (FFY) 2020

Etid 3c ak Pwogram pa CTPS Kategori Bidjè	Fon 3C PL	Fon Seksyon 5303	Bidjè FFY 2020 Pwopoze a
Administrasyon, Jesyon Resous, ak Aktivite Sipò	\$424,340	\$181,780	\$606,120
Egzijans pou sètifikasyon MPO	\$1,936,259	\$803,947	\$2,740,206

Etid 3c ak Pwogram pa CTPS Kategori Bidjè	Fon 3C PL	Fon Seksyon 5303	Bidjè FFY 2020 Pwopoze a
Kontinye Etid Planifikasyon ak Analiz Teknik Ke MPO-Finanse	\$155,200	\$124,530	\$279,730
Nouvo Etid Disrè MPO-Finanse	\$521,500	\$223,500	\$745,000
Sipò Dirèk	\$52,000	\$22,000	\$74,000
Total pou Etid ak Pwogram CTPS 3C yo	\$3,089,299	\$1,355,757	\$4,445,056

Travay CTPS Ajans-Finanse	Fon Ajans	Sipò Dirèk	Bidjè FFY 2020 CTPS Pwopoze
Fon MassDOT SPR	\$295,500	\$6,000	\$301,500
Fon MassDOT Seksyon 5303	\$89,832	\$6,000	\$95,832
Lòt Fon MassDOT	\$79,000	\$-	\$79,000
Fon MBTA	\$614,500	\$925	\$615,425
Lòt	\$55,000	\$-	\$55,000
Total pou Travay Pwojè CTPS Ajans-Finanse	\$1,133,832	\$12,925	\$1,146,757
Total Bidjè CTPS (3C ak Travay Ajans)			\$5,591,813

Dyagram Bidjè yo gen ladan salè, depans fonksyonman, ak sipò dirèk.

Etid 3c ak Pwogram pa CTPS Kategori Bidjè	Fon 3C PL	Fon Seksyon 5303	Bidjè FFY 2020 Pwopoze a
Etid Planifikasyon ak Analiz Teknik MAPC	\$393,599	\$220,276	\$613,875
Aktivite Administrasyon, Jesyon Resous, ak Sipò MAPC yo	\$331,051	\$127,949	\$459,000
Bidjè Total MAPC 3C	\$724,650	\$348,225	\$1,072,875

Total Sou-total Bidjè 3C pa Pwogram Finansman	\$3,813,949	\$1,703,982	\$5,517,931
--	--------------------	--------------------	--------------------

Travay CTPS Ajans-Finanse			\$1,146,757
TOTAL PWOGRAME NAN FFY 2020			\$6,664,688

(Bidjè CTPS 3C, Bidjè CTPS Ajans-Finanse, ak Bidjè MAPC 3C)

3C = Kontinye, konplè, ak kolaboratif (Continuing, comprehensive, and cooperative). CTPS = Anplwaye Planifikasyon Transpò Santral (Central Transportation Planning Staff). FFY = Ane Fiskal Federal (Federal Fiscal Year). MAPC = Komite Planifikasyon Zòn Metwopolitèn (Metropolitan Area Planning Council). MassDOT = Depatman Transpòtasyon Massachusetts (Massachusetts Department of Transportation). MBTA = Otorite Transpòtasyon Bè Massachusetts (Massachusetts Bay Transportation Authority). MPO = Oganizasyon Planifikasyon Metwopolitèn (Metropolitan Planning Organization). PL = Planifikasyon. SPR = Planifikasyon ak Rechèch Atravè Eta a.

Tablo ES-2
Nouvo Etid Disrè Finance nan FFY 2020

Id Pwojè	Etid Oswa Pwogram	Bidjè Ctps Pwopoze Ffy 2020	Nimewo Paj
13293	Anplasan Ki Gen Gwo Pousantaj Aksidan Bisiklèt Ak Pyeton Nan Zòn MPO Rejyon Boston An	\$70,000	4-10
13420	Abòde Sekirite Sosyal, Mobilite, Ak Aksè Wout Priorite Sourejyonal FFY 2020	\$115,000	4-12
13520	Adrese Koridò Prioritè Yo Nan Evalyasyon Bezwen LRTP FFY 2020	\$120,000	4-14
13720	Sekirite Ak Analiz Operasyon Nan Chwa Entèseksyon FFY 2020	\$80,000	4-16
13294	TIP Anvan Ak Apre Etid Yo	\$60,000	4-17
13295	Metodoloji Kontwòl Transpò Pou Nouvo Lokal Devlopman Yo	\$60,000	4-18
13296	Opere Yon Pwogram Navèt Ki Gen Sikse	\$50,000	4-19
13297	Devlopman Pwogram Transpò Kominote MPO A	\$20,000	4-20
13298	Analiz Diferan Mezi Enpak	\$40,000	4-21
13299	Eksplòre Rezistans Nan Etid Koridò Ak Entèseksyon Finance Pa MPO	\$90,000	4-23
20904	Rechèch Ak Asistans Teknik Ke Anplwaye Jenere	\$40,000	4-24
Total Etid Pou Nouvo Etid Disrè ak Kontinyèl		\$745,000	

NÒT: Enfòmasyon sa a kapab mete ajou kòm bidjè FFY 2020 UPWP a ap kontinye devlope.

CTPS = Anplwaye Planifikasyon Transpò Santral (Central Transportation Planning Staff). FFY = Ane Fiskal Federal (Federal Fiscal Year). LRTP = Plan Transpòstasyon alontèm (Long-Range Transportation Plan). MPO = Oganizasyon Planifikasyon Metwopolitèn (Metropolitan Planning Organization). PL = Planifikasyon. TIP = Pwogram Amelyorasyon Transpòstasyon (Transportation Improvement Program). UPWP = Pwogram Travay Planifikasyon Inifye (Unified Planning Work Program).

KI PWOSESIS POU KREYE UPWP AK SIVEYANS PWOGRÈ SOU ETID YO?

Devlope UPWP a

Pwosesis anyèl kreyasyon UPWP la gen ladan tou de jenere ak evalye lide pou nouvo etid yo, menm jan tou mete ajou sijè yo ak rezilta antisipe yo pou aktivite analiz kontinyèl teknik yo, kondisyon sètifikasyon, ak aktivite sipò administratif yo.

Ide pou nouvo etid soti nan yon konbinezon nan resous sa yo:

- Opinyon piblik la ki te rasanble nan yon reyinyon kominotè ak nan reyinyon avèk uit gwoup planifikasyon minisipal soureyonal.
- Opinyon Komite Konsèy Transpòstasyon Rejyonal yo te rasanble nan yon reyinyon kote anplwaye MPO yo te diskite sou ide ak priyorite transpò òganizasyon manm Komite Konsèy la.
- Opinyon Komite UPWP ki te rasanble nan yon reyinyon ki te fèt pandan tout ane a ant komite sa a nan MPO ak anplwaye MPO yo. Komite UPWP a sipèvize devlopman tout dokiman UPWP a.
- Dokiman planifikasyon ki egziste deja tankou Pwosesis Jesyon Konjesyon MPO a ak Evalyasyon Bezwen LRTP; plan alontèm kapital MBTA a; MetroFuture, plan alontèm MAPC pou kwasans entelijan nan rejyon Boston an; ak lòt etid resan yo
- Oryantasyon ke FHWA ak FTA bay sou etid ki konsène domèn anfaz planifikasyon transpò federal yo (Pou plis enfòmasyon sou zòn federal yo mete aksan yo, gade nan Apendis F ak Tablo F-1)

- Lèt komantè piblik ak pwopozisyon etid ke anplwaye MPO yo resevwa pandan evènman sansibilizasyon yo ak pandan peryòd kòmantè piblik la pou UPWP ak lòt rapò ke CTPS te pwodwi yo.
- Konsiltasyon avèk MassDOT, MBTA a, ak MAPC ki fèt pandan devlopman dokiman ak pandan tout ane a pandan nouvo lide pou bezwen planifikasyon transpò yo leve.
- Anplwaye MPO te idantifye bezwen ki sòti nan entèraksyon kontinyèl ant anplwaye MPO yo, eta a ak ajans lokal yo, òganizasyon, ak gwoup kominote yo.

Lide pou nouvo etid yo konpile nan Inivè Nouvo Etid Pwopoze yo (Universe of Proposed New Studies). Chak pwopozisyon evalye baze sou ki jan li te ka ede rejyon an akonpli objektif LRTP yo; mòd transpò (yo)ke li adrese; echèl etid la; tan ki defini pou aplikasyon; kalite enpak li ta genyen; si li ranfòse yon kò nan travay ki egziste deja; ak si li te konsidere avan oswa si se yon lide konplètman nouvo.

MPO toujou ap chèche amelyore pwosesis li nan pran desizyon enklizif ak kolaborasyon. Pou rezon sa a, MPO ap chache enplike yon gam laj ak divè moun ki gen enterè nan tout pwosesis devlopman UPWP a.

Anplwaye MPO a ap kontinye chache kontribisyon piblik la pou lide pou Inivè Nouvo Etid ki Pwopoze yo ak angaje patisipan yo nan diskite, evalye, ak evantyèlman priyore etid pou enklizyon nan UPWP la. Anplwaye yo kontinye kontwòle ak amelyore chèn kominikasyon MPO yo, tankou sa ki dokimante anba yo.

- [Yon sit entènèt ki angaje](#), ki sèvi kòm yon resous pou moun k ap chèche enfliyanse planifikasyon transpò nan rejyon Boston an
- Yon kont Twitter vivan ([@BostonRegionMPO](#)) ki kouvri nouvel planifikasyon transpò ak evènman yo
- Yon blog, [TRANSREPORT](#), ki pibliye rechèch MPO ak done nan yon fòm abòdab
- Sansibilizasyon ekstèn sible pou gwoup defans ak kominote yo, sitou sa yo ki reprezante popilasyon yo ki te istorikman mwens patisipe nan pwosesis MPO yo
- Evènman piblik, òganize pa patnè transpò MPO yo, kote anplwaye yo administre epi koute enfòmasyon yo ak tablo resous yo

- Evènman estil pòt ouvèt yo, kote moun k ap chèche kòmantè ak konsèy sou pwojè TIP, pwopozisyon UPWP, oswa aplikasyon pou Asistans Teknik Kominote Transpò a ka entèraji youn-a-youn ak anplwaye MPO.

Ki pwosesis revizyon piblik la?

Remak ki soti nan sansibilizasyon piblik la fòme yon pati enpòtan nan kontribisyon nan UPWP a chak ane. Rive nan fen chak pwosesis devlopman UPWP, MPO vote pou yo pibliye pou yon revizyon piblik yon dokiman bouyon ki dekri travay kontinyèl, etid nouvo, ak enfòmasyon finansye. Lè sa a, MPO a envite piblik la fè kòmantè sou bouyon UPWP a. Anplwaye MPO a afiche dokiman an pou telechaje atravè sit entènèt MPO a (www.bostonmpo.org) ak pibliye sòti li atravè [MPOinfo](#) (yon lis distribisyon imèl ki gen ladan kontak minisipal yo, manm ki enterese nan piblik la, ak lòt moun ki gen enterè nan rejyon an) ak Twitter. Mesaj imèl pou enfòmè kontak sa yo sou opòtinite k ap vini pou kòmantè piblik ak patisipasyon nan pran desizyon MPO, ak pou anonse evènman patwone oswa ki te fèt pa MPO la. Anplwaye MPO yo tou mande kontribisyon piblik la pandan CTPS pòt louvri a ak evènman piblik ki te òganize pa MPO a oswa patnè transpò li yo (ki gen ladan MassDOT ak MBTA a). Anplwaye MPO yo konpile tout kòmantè yo te fè pandan peryòd revizyon piblik sa a epi prezante yo bay konsèy MPO.

Enfòmasyon sou pwosesis revizyon piblik la pou pwojè FFY 2020 UPWP a bay nan [Apendis B](#).

Kijan yo kontwole pwogrè ak rezilta yo?

MPO a kontwole pwogrè etid ki finansse a travè UPWP nan fè travay sa yo:

- Apwouve pwogram travay detaye ak domèn yo
- Revizyon rapò pwogrè chak mwa
- Suivi bidjè etid UPWP yo ak dènye nouvel sou depans aktyèl atravè rapò chak trimès
- Apwouve piblikasyon rezilta yo ki baze sou si objektif yo te endike yo nan pwogram travay la te reyalize ak si livrezon endike yo te pwodwi

APÈSI SOU DOKIMAN SA A

Dokiman UPWP sa a estriktire jan sa a:

- **Chapit 1** bay enfòmasyon sou pwosesis planifikasyon transpò metwopoliten an ak ajans manm nan rejyon MP Boston an.
- **Chapit 2** bay enfòmasyon detaye ak enfòmasyon sou objektif dokiman sa a, pwosesis devlopman ak siveyans li, ak kijan li ede MPO a reyalize objektif transpò rejyonal li yo.
- **Chapit 3** enkli deskripsyon aktivite kondisyon sètifikasyon yo dwe ranpli nan FFY 2020 (ki enkli sipò MPO a, komite li yo, ak pwosesis ki gen rapò ak aktivite yo), ak bidjè aktyèl yo afekte a chak pwogram ak aktivite.
- **Chapit 4** dekri travay etid ak analiz teknik kontinyèl ak diskre CTPS ak MAPC yo swivan:
 - Tablo Rezime etid FWP 2016–19 UPWP ki te konplete oswa yo prevwa pou yo konplete nan fen septanm 2019, anplis pwodwi travay, ki gen ladan rapò ak memorandòm teknik
 - MPO etid planifikasyon ak analiz teknik ki pral repote soti FFY 2018 pou rive FFY 2020
 - Deskripsyon nouvo etid planifikasyon yo chwazi pou finansman nan FFY 2020
 - Deskripsyon ajou sou analiz teknik kontinyèl ak travay sipò anplwaye MPO a fè pou minisipalite yo ak rejyon an region
- **Chapit 5** gen ladan deskripsyon etid planifikasyon transpò ki finanse pa ajans lan ak analiz teknik ki pral antreprann pa CTPS nan FFY 2020. Sa yo gen ladan kontra renouvlab tankou SPR don MassDOT a; kontra kontinyèl tankou Pwogram Tit VI MassDOT ak baz done transpò Nasyonal MBTA a: Koleksyon ak analiz done; ak nouvo kontra.
- **Chapit 6** bay enfòmasyon detaye ak bidjè FFY 2020 pou jesyon resous ak aktivite sipò pa anplwaye MPO..
- **Chapit 7** gen ladan tablo rezime bidjè ki prezante kòman fon federal planifikasyon metwopoliten pral depanse sou aktivite sipò, etid, ak pwogram ki dokimante nan UPWP sa a. Chapit sa a bay ofisyèl federal ak eta yo enfòmasyon ki nesèsè pou apwouve itilizasyon lajan ak pou administre kontra yo.
- **Apendis A** prezante rezime pwojè pou pwojè/etid planifikasyon transpò ki pa MPO yo ki pa pral (oswa yo pral) fèt nan rejyon Boston an. Pwojè sa yo gen yon revizyon apa ak pwosesis apwobasyon deyò konpetans MPO a. Yo enkli nan UPWP a pou bay yon foto konplè plan ak etid ke yo atann

pran plas nan rejyon Boston ak asire ke efò planifikasyon MPO yo kowòdone ak lòt travay kontinyèl.

- **Apendis B** dekri pwosesis patisipasyon piblik yo itilize pou devlope ak revize pwojè UPWP a. Anèks sa a gen ladan tou yon rezime kòmantè ekri sou pwojè UPWP ki te resewa pandan peryòd revizyon piblik la, ak repons MPO yo pou kòmantè sa yo.
- **Apendis C** enkli Inivè Nouvo Etid Propoze FFY 2020 epi dekri pwosesis evalyasyon ke komite UPWP ak MPO te itilize kòm yon gid pou chwazi nouvo etid yo.
- **Apendis D** gen ladan yon analiz ajou distribisyon jeyografik la etid espesifik nan yon zòn pwograme nan UPWP.
- **Apendis E** gen ladan yon glosè nan akwonim.
- **Apendis F** bay enfòmasyon detaye sou kad regilasyon ki gide devlopman UPWP a ak etid ak aktivite pwograme pou finansman, osi byen ke règleman jeneral yo ak oryantasyon ke MPO konsidere nan tout travay li yo. Li dokimante tou manm MPO an.